

PREPARE OU KREYE YON
PLAN POU KATASTWOF

YON PLAN POU
MOUN KI ENFIM

SITIYASYON
IJANS KI DEFINI

DEPLASMAN

EDE TIMOUN YO SIVIV

GHÈCHE KONNEN PLIS
ENFOMASYON SOU SEVIS
KI NAN KOMINOTE OU

Gid Preparasyon pou Fanmi

Fason pou Ede Fanmi Ou Prepare pou Ijans

The Florida Department of Health & Thr Agency for Persons With Disabilities



Kontni

Prepare ou: Kreye yon Plan pou Katastwòf 1

Yon Plan Ijans pou Fanmi, Yon Kote pou Ale, Yon Plan pou Bèt Kay, Yon Twous Pwovizyon pou Katastwòf

Yon Plan pou Moun ki Enfim 6

Definisyon Sitiyasyon Ijans 11

Teworis, Inondasyon, Tònad, SIKLòn, Ijans Nikleyè


Evakyasyon 15

Ede Timoun yo Siviv 16

Dekouvri Plis Enfòmasyon sou Sèvis ki nan Kominote Ou 17

Yon Plan pou Katastwòf Genyen

Ladan:

- 
- Yon Plan Ijans pou Fanmi
 - Yon Kote pou Ale
 - Yon Plan pou Bèt Kay
 - Yon Twous Pwovizyon pou Katastwòf



Prepare ou: Kreye yon Plan pou Katastwòf

Yon Plan Ijans pou Fanmi

Yon plan ki byen konsevwa ak byen pratike ap ede fanmi ou pare pou ijans yo.

Asire ou ajoute tout manm fanmi ou nan plan ijans ou. Li bon pou w anvizaje bezwen espesyal tibebe ak jenn timoun yo, granmoun aje yo, ak moun ki enfim yo.

Konsidere risk ki nan zòn ou avèk tou si w ap viv toupre yon santral nikleyè oswa nan yon zòn ki genyen risk pou inondasyon. Tan ki asosye ak ijans yo kapab afekte sèvis piblik ou. Li kapab pran kèk jou anvan yo repara sèvis piblik yo. Abòde pwoblèm sa a nan plan ou.

Lè w ap fè plan ijans ou:

- **Konsidere chak moun k ap nan plan ou.**
- **Ki kantite pwovizyon w ap bezwen.**
- **Ki kantite lajan kach ou genyen nan men ou.**
- **Ki rapò finansye w ap bezwen pran.**
- **Ki kote w ap mennen bèt kay ou yo.**



Moun ki nan Plan ou

NON	LAJ	BEZWEN ESPESYAL	APTITID ESPESYAL	LÒT ENFÒMASYON
Granmè	82	—dyabetik —chèz woulan	konnen kominote a	devlope yon plan pou chyen l lan ki rele Sam



—ranpli plan pou bèt kay

Yon Kote pou Ale

Li bon pou w devlope yon plan kominikasyon pou fanmi ou kòm pati plan ijans ou.

CHWAZI DE (2) KOTE POU RANKONTRE: Youn pou si ou bezwen kite kay ou nan yon ijans oswa yon lòt ki pa nan katye ou si ou pa kapab retounen lakay ou lè genyen yon ijans.

MOUN POU KONTAKTE KI PA RETE NAN MENM VIL AK OU: Chwazi yon moun ki pa rete nan menm vil ak ou pou kontakte pou l sèvi kòm pwèn kontak ou. Asire chak moun ki nan plan ou genyen non moun kontak sa a, nimewo telefòn li ak imèl li.

Yon Plan pou Bèt Kay

Fè plan pou pran swen bèt kay ou si ou dwe deplase pou kite lakay ou. Bèt kay yo, kontrèman ak bèt gid yo, ap jwenn pèmasyon pou yo rete sèlman nan refij kote yo akeyi bèt kay. Tcheke Biwo Jesyon Ijans zòn ou pou wè si genyen youn nan zòn lan. Kidonk, li pi bon pou deside kounye a kote ou pral mete bèt kay ou si ou dwe deplase. Sonje pou pran yon kòd, mizo, manje, dlo, dosye vaksinasyon, nenpòt medikaman ak yon panye oswa yon kaj.

Yon Twous Pwovizyon pou Katastwòf

Genyen sis (6) atik debaz ou ta dwe estoke pou kay ou: 1) dlo, 2) manje, 3) twous atik premye swen, 4) rad ak atik pou kouche, 5) zouti ak materyèl pou ijans, epi 6) atik espesyal. Kite atik ou kapab bezwen plis yo pandan yon evakyasyon nan yon bwat ki fasil pou pote.

Lis Kontwòl Atik

Ajoute yon kaye pou pran nòt nan twous ijans ou epi mete enfòmasyon sa yo nan kaye a:

- **Enfòmasyon pou kontakte manm fanmi ak zanmi**
- **Nimewo telefòn pou kontakte travayè antretyen kay**
- **Yon lis nimewo telefòn ofisyèl pou ijans**
- **Enstriksyon detaye pou pwotokòl ijans nan kay avèk tou enstriksyon pou fèmen sèvis piblik yo**
- **Enfòmasyon medikal ki genyen non doktè fanmi ou, enfòmasyon sou konpayi asirans-maladi, gwoup sangen, alèji, kondisyon medikal, ak medikaman ak dòz yo.**
- **Plan pou Ijans**
- **Plan kominikasyon fanmi**
- **Plan pou deplase nan ka densandi**
- **Plan pou refij-sou-plas**

Dlo

Estoke dlo nan resipyan plastik tankou gwo boutèy bwason ki pa abaz alkòl. Pa itilize resipyan k ap dekonpoze oswa fann, tankou katon lèt oswa boutèy an vè. Yon moun ki aktif anjeneral dwe bwè omwen de ka dlo chak jou. Anviwònman cho yo ak anpil aktivite fizik kapab fè ke w double kantite sa a. Timoun, manman k ap bay tibebe tete ak moun ki malad ap bezwen bwè menm plis.

Estoke twa (3) galon dlo pou chak moun (yon galon pou chak jou epi pou chak moun).

Konsève omwen yon pwovizyon dlo pou twa (3) jou (de ka pou bwè, de ka pou preparasyon ak sanitasyon manje) pou chak moun k ap viv nan kay la. Chanje dlo ki estoke a chak sis (6) mwa pou li kapab rete fre. Si ou achte dlo nan boutèy, kite li nan resipyan orijinal la tou fèmen. Obsève “dat espirasyon an”.

ki kote
n ap
rankontre?



Manje

Estoke omwen yon pwovizyon manje ki p ap gate pou twa (3) jou. Chwazi manje ki pa bezwen ale nan frijidè, ki pa bezwen preparasyon, ki pa bezwen pou w kwit oswa ki mande yon ti kantite dlo oswa ki pa bezwen dlo ditou. Si ou dwe chofe manje, anbale yon bwat Sterno ak alimèt. Chwazi atik alimantè ki pa gwo epi ki lejè. Ajoute yon chwa manje ki annapre yo nan twous pwovizyon ou pou katastwòf:

- Vyann nan bwat konsè v ki tou kwit
- Fwi nan bwat konsè v, fwi sèk ak nwa
- Legim nan bwat konsè v

Esansyèl

- Radyo ki jwe ak pil epi pil siplemantè
- Flach ak pil siplemantè
- Kle siplemantè

Pa mete balèn. Balèn yo kapab lakòz plis ensandi apre yon katastwòf pase nenpòt lòt bagay.

TWOUS ATIK PREMYE SWEN

Rasanble yon twous atik premye swen pou lakay ou epi youn pou chak vwati. Yon twous atik premye swen ta dwe genyen sa ki annapre yo ladan:

- Pansman esteril adeziv nan divès dimansyon
- Divès dimansyon zepeng nouris
- Pwodui netwayaj/savon
- Gan lateks (2 pè)
- Krèm pou anpeche kout solèy
- Tanpon gaz esteril 2 pous (4–6)
- Tanpon gaz esteril 4 pous (4–6)
- Pansman triyangilè (3)
- Woulo pansman esteril 2 pous (3 woulo)
- Woulo pansman esteril 3 pous (3 woulo)
- Sizo
- Tep adeziv
- Pensèt
- Zegwi

- Ti sèvyèt imid
- Antiseptik
- Alkòl denatire
- Tèmomèt
- Abès-lang (2)
- Tib vazlin oswa lòt librifyan
- Linèt siplemantè

MEDIKAMAN SAN PRESKRIPSYON

- Aspirin oswa medikaman ki pa aspirin pou soulaje doulè
- Medikaman kont dyare
- Anti-asid (pou kè plen)
- Siwo Ipecac (itilize l pou pwovoke vomisman si Sant Kontwòl Pwazon konseye l)
- Laksatif
- Chabon aktif (itilize l si Sant Kontwòl Pwazon konseye l)

SANITASYON

- Papye ijyenik, ti sèvyèt
- Savon, detèjan likid
- Atik pou ijyèn fanm
- Atik pou ijyèn pèsònèl
- Sache plastik pou mete fatra, kòdon (pou itilizasyon sanitasyon pèsònèl)
- Bokit plastik ki genyen kouvèti ki fèmèn sere
- Dezenfektan
- Ipoklorit sodyòm ki sèvi nan kay
- Klinèks

RAD AK ATIK POU KOUCHE

- Rad ak soulye pou chak moun ka chanje yo
- Soulye solid oswa bòt travay
- Pads
- Kouvèti oswa sak kouchaj
- Chapo ak gan
- Sou-vètman tèmik
- Linèt solèy



ZOUTI AK MATERYÈL

- Pòpòt oswa goblè an katon; asyèt ak istansil plastik
- Lajan kach oswa chèk vwayaj, pyès monnen
- Kle bwat ki pa fonksyone ak kouran elektrik, kouto ki genyen lam antre-sòti
- Pens, tounvis, mato, pens-towo, divès kalite klou, vis-a-bwa
- Kle ajistab pou fèmèn gaz ak dlo ki nan kay la
- Adeziv, tankou tep adeziv twal
- Bousòl
- Alimèt nan resipyan ki pa pran dlo
- Papye aliminyòm
- Resipyan plastik pou estokaj
- Fize siyalizasyon
- Papye, kreyon
- Zegwi, fil
- Konngout
- Etikèt adezif
- Linèt pwoteksyon
- Gan pou gwo travay
- Siflèt
- Koton lou oswa kòd chanv
- Twous pyès ak ponp
- Kasèt videyo
- Mask jetab pou pousyè
- Gèn plastik
- Kat jeyografik zòn lan (pou jwenn kote refij yo ye)

POU TIBEBE

- Lèt an poud
- kouchèt/ti sèvyèt imid
- Bibwon
- Lèt an poud, lèt oswa manje tibebe
- Medikaman

DOKIMAN ENPÒTAN FANMI AN

Konsève dokiman sa yo nan yon bwat pòtab ki pa kapab mouye:

- Kopi testaman, kontra asirans, kontra, papye kay, aksyon ak obligasyon
- Kopi paspò, kat Sekirite Sosyal, kat vaksinasyon
- Dokiman ekri ki gen enfòmasyon sou kont kat kredi yo
- Dokiman ekri ki gen nimewo kont labank yo, non ak nimewo telefòn
- Envantè machandiz valè kay la, nimewo telefòn enpòtan
- Dokiman ekri fanmi an (batistè, sètifika maryaj, sètifika lanmò)
- Kopi lèt atribisyon Revni Sekirite Sipleman tè
- Lis nimewo seri ak mak aparèy medikal tankou estimilatè kadyak (pesmekè)
- Kat asirans-maladi ak kat Medicare

BEZWEN MEDIKAL

- Medikaman pou kè ak ipètansyon
- Ensilin
- Medikaman doktè preskri
- Atik pou dantye
- Lantiy ak atik pou lantiy

PWOVIZYON POU BÈT KAY

- Manje
- Dlo sipleman tè
- Kòd/ekipay
- Kolye
- Plak idantite
- Medikaman
- Kat vaksinasyon ak dosye medikal
- Panye oswa kaj (1 pou chak bèt kay)

AMIZMAN

- Jwèt ak liv



Lòt atik pou katastwòf

Mete atik sa yo avèk twous pwovizyon pou katastwòf ou a oframezi ou bezwen yo, epi estoke yo yon kote ki fasil pou w jwenn yo.

TWOUS PWOVIZYON PÒTAB POU KATASTWÒF

- Lis enfòmasyon pou ijans/lòt lis
- Ti flach
- Siflèt/lòt bagay ki fè bwii
- Dlo
- Medikaman siplemantè
- Kopi preskripsyon yo
- Linèt siplemantè
- Pwotèz oditif
- Atik sanitasyon
- Blòk papyè ak kreyon oswa lòt materyèl pou ekri

ATIK POU VVATI

- Plizyè kouvèti
- Kab demaraj ak enstriksyon

- Ti pèl
- Twal wouj pou itilize kòm yon siyal
- Radyo CB oswa telefòn selilè

Mete plan w lan ajou

EGZÈSIS POZE KESYON: Revize plan ou chak sis (6) mwa epi poze manm fanmi ou kesyon sou sa pou yo fè.

EGZÈSIS: Fè egzèsis repetisyon kòm si te gen yon ensandi epitou fè egzèsis repetisyon pou evakye an ka dijans avèk fanmi ou regilyèman.

RANPLASE ESTÒK PWOVIZYON: Tcheke pwovizyon manje yo pou dat espirasyon ak si yo gate, oswa ranplase dlo ak manje ki estoke yo chak sis (6) mwa.

TÈS: Li endikatè ki sou ekstenktè a (yo) epi swiv enstriksyon fabrikasyon an pou rechaje yo. Teste detektè lafimen ou chak mwa epi chanje pil yo omwen yon fwa chak ane. Ranplase detektè yo chak 10 zan.

Tablo antretyen plan

Make travay ou fè a epi antre dat ou fè l la

	6 MWA	1 ANE	18 MWA	2 ZAN
Revize plan epi poze kesyon sou li. <u>oktòb 2007</u> DAT	X			
Fè egzèsis repetisyon sou evakyasyon an ka densandi ak ijans. <u>oktòb 2007</u> DAT	X			
Ranplase manje ak dlo ki estoke. <u>oktòb 2007</u> DAT	X			
Tcheke ekstenktè epi rechaje yo. <u>oktòb 2007</u> DAT	X			



Yon Plan pou Moun ki Enfim

Gen yon nouvo resous ki disponib pou ede ou, ede fanmi w ak biznis ou devlope yon plan pou katastwòf. W ap jwenn zouti planifikasyon ki ekselan sa a nan sit wèb www.floridadisaster.org. Ou bezwen yon plan evakyasyon, yon plan kominikasyon, ak atik jeneral pou katastwòf. Men, yon moun ki enfim kapab genyen yon planifikasyon adisyonèl pou fè. Li enpòtan pou planifye anvan yon siklòn oswa yon lòt katastwòf.



Kesyon Kle

- Si ou dwe evakye, èske ou genyen mwayen transpò? Ki kote ou prale? Kouman w ap rive kote ou prale a? Alòske ou kapab pa nòmalman bezwen sèvis konpayi transpò lokal la, èske w ap bezwen sèvis yo pandan yon ijans? Èske ou enskri pou resevwa sèvis yo? Zòn inondasyon ak kay-sou-woulèt se premye zòn kote ou ta dwe evakye, men ou dwe deside si w ap rete oswa si ou prale, menm si ou pa genyen obligasyon pou evakye. Si ou pral kite zòn lan, asire ou kite zòn lan bonè.
- Si genyen pàn kouran elektrik pandan twa oswa plis jou, èske ou kapab rete lakay ou? Èske ou itilize nenpòt ekipman medikal dirab ki sèvi ak kouran elektrik pou fonksyone? Si ekipman w lan fonksyone avèk batri, kouman ou kapab recharge batri a?
- Si ou soud oswa mal pou tande, paske pifò repòtaj nan medya a fèt nan radyo oswa televizyon, èske ou genyen yon sistèm sipò pou fè w konnen sa k ap pase?
- Si ou genyen yon founisè swen medikal ki vini lakay ou oswa nan travay ou, kisa k ap pase si li pa kapab jwenn ou?
- Èske w ap genyen ase medikaman oswa atik medikal pou omwen de (2) semenn? Èske ou genyen medikaman ki bezwen ale nan frijidè?
- Èske ou genyen plan pou bèt gid ou? Bèt kay ou?
- Èske ou genyen manje ak dlo pou omwen 72 zèdtan?

Li enpòtan pou koute sa manadjè depatman ijans lokal yo ap di epi prepare w pou evakye si yo mande w fè sa. Si ou oblije evakye, yon refij kapab yon bon kote pou ou tankou tou li ka pa kapab pi bon kote pou w ale. Pa sipoze tout moun enfim yo ta dwe ale nan yon refij “bezwen espesyal”. Èske ou genyen zanmi oswa fanmi ki kapab ba ou yon kote sennesòf pou rete? Si ou depannde kouran elektrik, si ou bezwen transpò pou evakye, oswa si ou bezwen asistans akòz laj ou oswa enfimite ou, li enpòtan pou non ou sou lis Jesyon Ijans Biwo konte a. Chak konte jere lis moun ki genyen bezwen espesyal ak dispozisyon pou sèvis pou moun ki genyen bezwen espesyal enpe diferan.

Rele Biwo lokal Jesyon Ijans ou epi enskri ou davans, pou konte ou kapab anmezi pou prepare pou bezwen w epi pou li fè w konnen pwosedi li yo. Depi ou ranpli plan an sou sit wèb www.floridadisaster.org, y ap ba ou enfòmasyon konsènan Biwo lokal Jesyon Ijans.



ale sou sit entènèt la nan
www.floridadisaster.org
pou zouti planifikasyon

Materyèl ak Ekipman Espesyal ki gen pou wè ak Enfimite

Tcheke atik ou itilize yo, dekri kalite ak pozisyon atik la

Vè: _____

Istansil kuizin: _____

Atik pou Abiye: _____

Aparèy pou abiye: _____

Materyèl pou ekri: _____

Aparèy odisyon: _____

Oksijèn: _____

Debi: _____

Aparèy pou aspirasyon: _____

Ekipman dyaliz: _____

Atik sanitasyon: _____

Ekipman pou pipi: _____

Aparèy estomik: _____

Chèz woulan: _____

Twous pou repare chèz woulan: _____

Motorize: _____

Mekanik: _____

Kad pou mache: _____

Bekiy: _____

Badin (yo): _____

Dantye: _____

Monitè: _____

Lòt: _____

Enfòmasyon adisyonèl sou Ekipman ak Materyèl

Si ou itilize yon chèz woulan oswa yon eskoutè

Konsève yon twous pyès ak ponp nan twous pòtab pwovizyon ou pou katastwòf, pou repare kawotchou ki anpàn, sof si yo pa kapab kreve. Epitou, konsève yon rezèv siplemanntè vesi. Konsève yon pè gan lou nan twous pòtab pwovizyon ou pou katastwòf pou itilize pandan w ap woule oswa fè wout pou pase sou mòso vit ak debri. Nan zòn kote kapab genyen tranblemanntè, kite wou chèz woulan ou bloke epi kite chèz woulan ou toupre kabann ou lannwit pou asire li pa deplase oswa chavire.

Si ou itilize yon chèz woulan ki fonksyone avèk motè oswa yon eskoutè

Ou dwe genyen yon batri siplemanntè. Ou kapab itilize yon batri vwati tou avèk yon chèz woulan, men li p ap dire menm jan ak batri adechaj pouse ki pou yon chèz woulan. Tcheke avèk vandè ou pou konnen si ou kapab chaje batri ou swa lè ou konekte kab demaraj nan batri yon veyikil oswa lè ou konekte batri yo nan yon konvètisè ki ploge nan alim-siga yon veyikil. Prekosyon: Chaje yon sèl batri alafwa. Si ou genyen youn, estoke yon chèz woulan mekanik lejè pou sipò.

Si ou Avèg oswa si ou genyen enfimite viziye

- Estoke yon òlòj ki pale oswa yon òlòj an bray oswa yon òlòj an gwo karaktè avèk pil siplemanntè.
- Ou dwe genyen omwen yon kàn blan siplemanntè.
- Make atik pwovizyon ou pou katastwòf avèk adeziv fliyoresan, an gwo karaktè oswa an bray.

- Make gaz ou, dlo ou, dispozitif arè otomatik ou avèk adeziv fliyoresan, an gwo karaktè oswa an bray.
- Estoke loup siplemanntè.
- Ou dwe genyen yon pè linèt siplemanntè si ou mete linèt.
- Fè fotokopi lis enfòmasyon ou ki nan tiliv sa a.

Si ou Soud oswa si ou genyen yon pèt odisyon

- Anvizaje pou jwenn yon ti televizyon pòtab ki fonksyone avèk pil. Emisyon sou ijans lan kapab bay enfòmasyon an Langaj Siy Ameriken (ASL) oswa an sou-tiraj vizib.
- Konsève blòk papye nan twous pwovizyon ou pou katastwòf epi avèk materyèl pou vwati pou katastwòf. Kite yo avèk ou toutan pou kominikasyon.
- Konsève yon flach, yon siflèt oswa lòt bagay ki fè bwi, ak blòk papye ak kreyon toupre kabann ou.
- Konsève yon fich nan twous pwovizyon ou pou katastwòf (lakay ou ak nan vwati ou), epi avèk ou toutan pou endike ou Soud. Ajoute nenpòt lòt enfòmasyon apwopriye pou kominikasyon tankou, “Mwen konnen (oswa mwen pa konnen) Langaj Siy Ameriken (ASL),” oswa, “Bèt gid mwen an kapab rete avèk mwen legalman.”

Si ou genyen yon enfimite ki gen pou wè ak lapawòl oswa kominikasyon

- Anvizaje achte yon konvètisè elektrik si ou itilize yon òdinatè pòtab pou kominike. Yon konvètisè elektrik pèmèt pifwò òdinatè pòtab (12 vòlt oswa mwens) fonksyone nan yon alim-siga ki sou tablobdò yon veyikil.
- Asire ou genyen kreyon ak papye avèk ou kòm yon resous kominikasyon sipò.
- Si ou itilize yon aparèy kominikasyon ogmantatif (tankou yon kominikatè elektwonik oswa yon larenks atifisyèl) ki pèmèt ou kominike pa vwa, asire ou kite li toupre ou lannwit yon kote ki pwoteje.

mete etikèt
sou atik
pwovizyon
ou yo pou
katastwòf—



■ Estoke kopi yon adwaz ki genyen mo oswa lèt ak ekspresyon kle tou-enprime nan tout twous pwovizyon ou pou katastwòf, nan bous ou, oswa nan valiz ou, elatriye, defason pou ka itilize yo sizoka gen yon ijans.

Si ou itilize tretman medikal ou administre poukont ou

Toujou sonje reta sikilasyon ak/oswa danje move tan kapab rive lè ou pa atann yo. Asire ou pote ekipman ak likid (ki kontwòle avèk tanperati) w ap bezwen lè w ap vwayaje.

Si ou genyen yon enfimite kognitif

■ Konsève yon kopi nenpòt enstriksyon oswa enfòmasyon ou panse w ap bezwen. Epitou, konsève yon kopi enfòmasyon sa yo nan twous pwovizyon ou pou katastwòf ou kite lakay ou ak nan vwati ou alafwa. Prepare enfòmasyon sa yo yon fason ki fasil pou ou konprann. Ou kapab vle separe enfòmasyon yo an yon rezime etap-pa-etap. Fòma sa a ap ede ou sonje sa pou w fè sizoka ta gen yon konfizyon pandan yon katastwòf.

■ Ou dwe genyen yon kreyon ak papye ki pare pou swiv nenpòt nouvo enstriksyon oswa enfòmasyon ou kapab resevwa.

Sèvis Rekoneksyon Priorite

Lalwa Florid egzije pou tout konpayi sèvis piblik yo ofri yon “sèvis rekoneksyon priorite” pou moun ki enfim epi ki itilize ekipman ki depannde enèji. Kontakte konpayi sèvis piblik ou pou jwenn plis enfòmasyon epi pou yo mete w sou lis rekoneksyon priorite yo.

Enfòmasyon sou bèt gid

Yo aksepte bèt gid yo nan otèl oswa motèl ak nan refij Lakwa Wouj yo. Men, kote sa yo pa kapab pran swen bèt ou. Lè w ap kite lakay ou, sonje pou pran yon kolye, ekipay, plak idantifikasyon, kat vaksinasyon, medikaman, enfòmasyon pou kontakte veterinè, ak manje pou bèt gid ou.

ATIK POU BÈT GID YO

- Manje
- Kat Vaksinasyon
- Enfòmasyon pou kontakte Veterinè
- Dlo adisyonèl
- Kòd/ekipay
- Plak idantite
- Medikaman ak kat vaksinasyon
- Lityè/kivèt
- Panye oswa kaj

Konsèy adisyonèl pou moun ki enfim yo

■ Si oumenm oswa yon moun lakay ou itilize yon chèz woulan, fè plis pase yon sòti aksesib lakay ou pou chèz woulan an sizoka sòti prensipal la ta bloke. Fè plan ak pratik sou fason pou chape kò ou lakay ou.



fè plan epi pratike fason ou ta chape pou sòti lakay ou

■ Pou moun ki itilize sèvis ekip telekominikasyon, gade nan chwa diferan pou itilize kòm sipò epitou: konpoze 711 (tout peyi a), Cap Tel (telefòn an sou-titraj), ekipman ki baze nan Entènèt (atravè òdinatè, bipè, PDA, elatriye), epi/oswa sèvis ekipman videyo (atravè laj bann).

■ Mande tèt ou sou ki resous ou depann regilyèman epi detèmine fason yon katastwòf kapab afekte itilizasyon yo.

■ Idantifye bezwen ou ki asosye avèk enfimite ou oswa ak kondisyon sante ou. Pou fè sa, ekri li oswa mete etikèt oswa braslè ki endike alèt medikal.

■ Si ou itilize ekipman medikal lakay ou ki fonksyone avèk kouran elektrik, pale avèk founisè swen medikal ou sou sa ou kapab fè pou prepare pou itilize li pandan yon pàn kouran elektrik.

■ Si ou genyen yon enfimite pou kominike, asire lis enfòmasyon ijans ou endike pi bon fason pou yo kominike avèk ou. Epitou asire ou genyen lajan kach oswa chèk vwayaj nan twous ou yo pou sizoka ou bezwen achte kèk atik.

■ Sipòte tèt ou. Pratiye fason pou eksplike moun, byen vit, pi bon fason pou gide oswa deplase oumenm ak ekipman adaptasyon ou, san pwoblèm epi rapidman.

ENSTRIKSYON KI KOUT, AKLÈ AK ESPESIFIK

Pare pou bay enstriksyon ki kout, akklè ak espesifik ak direksyon ba manm pèsònèl sekou, swa aloral oswa alekri. Pa egzanp, di oswa ekri enstriksyon sa yo:

■ “Tanpri pran— tank Oksijèn mwen an. Chèz woulan. Gamaglobilin nan frizè a. Ensilin nan frijidè a. Aparèy kominikasyon anba kabann lan.”

■ “Tanpri pa lonje jenou mwen. Yo kole nan yon pozisyon plwaye.”

■ “Mwen te genyen yon lezyon serebral. Tanpri ekri tout enstriksyon ak enfòmasyon enpòtan yo.”

■ “Mwen se yon avèg/mwen genyen twoub vizyèl. Tanpri kite mwen kenbe men ou sere.”

■ “Mwen soud. Tanpri ekri bagay yo pou mwen.”

Lè sa nesèsè, mande yon manm pèsònèl inite repons pou katastwòf la pou akomode w. Pa egzanp, fè yon repondè oswa yon travayè sekou konnen si ou pa kapab rete tann nan liy yo pandan lontan pou atik tankou dlo, manje, ak asistans sekou pou katastwòf la. Fè pratik sou fason pou eksplike akklè ak toukout rezon ki fè ou bezwen asistans sa a. Ou kapab vle ekri tou eksplikasyon an davans.

Sous: Lakwa Wouj Ameriken, Òganizasyon Nasyonal sou Enfimite



prepare ou avèk enstriksyon ki klè

Definisyon Sitiyasyon Ijans

Teworis

Teworis se yon itilizasyon ilegal vyolans—oswa menas pou fè sa—pou fè moun oswa gouvènman pè oswa pou entimide yo.

Men kat (4) tip teworis ki genyen yo:

- **Konvansyonèl (lage bomb ak detounman)**
- **Chimik (pwazon)**
- **Byolojik (bakteri oswa viris)**
- **Radyolojik (zam nikleyè oswa sibstans radyo-aktif)**

Teworis yo kapab frape kote ki genyen anpil moun oswa biznis ak sant gouvènman. Lòt sib yo kapab gen pou wè ak transpò, swen medikal, sèvis piblik yo ak edikasyon.

An piblik

- **Toujou konnen sa ki bòkote ou.**
- **Pa janm kite byen pèsònèl ou poukont li.**
- **Rapòte nenpòt pake oswa konpòtman sispèk.**

Pandan yon ensidan teworis

- **Rete kalm.**
- **Swiv enstriksyon responsab ijans yo bay.**

Aprè yon ensidan teworis

- **Kite efò sekou yo pou manm pèsònèl ki fòme pou sa, sitou nan yon bilding ki efondre.**
- **Si ou nan mitan debri, frape yon miray pou sekouris yo kapab jwenn ou. Pa rele pou w pa respire plis pousyè oswa lafimen.**
- **Swiv anons ijans yo pou gen enfòmasyon sou asistans.**



Èske ou konnen sezon tònad Florid?

Nan yon ensidan chimik oswa radyolojik

- **Rete andedan sòf si ou jwenn enstriksyon diferan.**
- **Ale nan sousòl la oswa anba sal premye etaj la lè gen yon ensidan radyolojik.**
- **Ale nan sal ki pi wo a lè gen yon ensidan chimik, men nan sal ki pa genyen fenèt.**
- **Fèmen tout inite tretman lè yo.**
- **Fèmen fenèt ak pòt yo epi izole sal yo.**
- **Nan yon vwati oswa kamyon, fèmen vit ak bouchdè epi fèmen chofaj la oswa lè a.**

Tònad

SIVEYANS TÒNAD: Tònad posib nan zòn ou. Rete vijilan pou tanpèt k ap vini yo.*

AVÈTISMAN SOU TÒNAD: Rada metewolojik la siyale oswa endike yon tònad. Si yo pibliye yon avètisman sou tònad pou zòn ou epi syèl la vin menasan, ale kote yo te deja deziyen pou w ale a pou pwoteksyon ou.*

SIVEYANS LORAJ GRAV: Loraj grav posib nan zòn ou.*

AVÈTISMAN SOU LORAJ GRAV: Ap genyen loraj grav.*

Sa pou w fè anvan loraj la

- **Devlope yon plan pou oumenm ak fanmi ou pou lakay ou, travay ou, lekòl ou ak lè ou deyò.**
- **Ou dwe fè egzèsis repetisyon souvan.**
- **Enfòme w sou konte kote w rete a epi konsève yon kat jeyografik otowout ki toupre ou pou swiv mouvman loraj la nan bilten metewolojik.**

*Sous: FEMA, Lakwa Wouj

- Ou dwe genyen yon radyo metewoloji NOAA avèk yon sònri alam avètisman ak pil sipò pou resevwa avètisman yo.
- Koute radyo ak televizyon pou jwenn enfòmasyon.
- Si ou fè plan pou yon evakyasyon deyò, koute dènye previzyon metewolojik yo epi pran mezi ki nesèsè si genyen tan ki menasan.

Si yo pibliye yon avètisman oswa si tan menasan ap pwoche

- Nan yon kay oswa yon bilding, ale nan yon refij ke yo deziyen.
- Si pa genyen refij anba tè, ale nan yon sal enteryè oswa nan antre ki sou planche ki pi ba a epi antre anba yon mèb ki solid.
- Rete lwen fenèt yo.
- Sòti nan otomobil yo.
- Pa eseye depase yon tònad nan vwati ou.
- Si ou deyò oswa nan yon veyikil, kouche plat nan yon fose oswa yon kote ki kre.
- Kay-sou-woulèt, menm si yo mare, yo ofri yon ti pwoteksyon kont tònad epi ou ta dwe abandone yo.

Aprè yon move tan

- Rete lwen zòn katastwòf yo.
- Rapòte liy kouran oswa liy gaz ki kase.
- Kite kay ou si ou pran sant sibstans chimik oswa lafimen gaz.

Eta Florid genyen DE (2) sezon tònad

SEZON LETE Sezon lete a, ant jen ak septanm, genyen pi gwo frekans avèk entansite nòmal F0 oswa F1 sou Echèl Fujita.

SEZON PRENTAN Terib sezon prentan, ant fevriye ak avril, vini avèk plus tònad puisan akòz prezans kouran-jè.



Inondasyon

ONN TANPÈT Yon dòm dlo van siklòn ak loraj twopikal pouse atè. Onn tanpèt yo kapab rive nan yon wotè 25 pye epi yo kapab genyen yon lajè 50–1 000 mil.*

GWO MARE TANPÈT Yon melanj onn tanpèt ak mare nòmal (sètadi yon onn tanpèt 15 pye ki melanje avèk yon mare nòmal de pye sou nivo lanmè move kreye yon gwo mare tanpèt 17 pye).*

Anvan inondasyon

- Detèmine si ou nan yon plenn inondasyon.
- Al gade plan ijans ou pou konnen sa w ap fè ak kote ou prale nan yon ijans inondasyon eklè.

Lè yo pibliye yon siveyans inondasyon-eklè pou zòn ou

- Koute estasyon radyo ak televizyon zòn ou ak radyo metewolojik NOAA pou konnen avètisman ak rapò siklòn k ap pwoche yo.
- Prepare ou pou deplase imedyatman.
- Si ou sou yon wout, siveye inondasyon nan pant otowout yo, nan pon yo ak nan zòn ki ba.
- Swiv enstriksyon responsab ijans yo bay.

Lè yo pibliye yon siveyans inondasyon-eklè pou zòn ou

- Sove tèt ou ak moun ki depannde ou san pèdi tan.
- Pa eseye travèse yon wiso ki inonde apye kote dlo a depase jenou w.
- Pa eseye kondui nan dlo. Si motè veyikil ou sispann mache, fè tout pasaje yo desann imedyatman pou mennen yo nan tè ki pi wo. Dlo k ap monte a kapab pote veyikil la ale, sa ki kapab lakòz konsekans moun pèdi lavi yo.

*Sous: Depatman Zafè Granmoun Aje nan Florid
(Florida Department of Elder Affairs), Lakwa Wouj*

Onn tanpèt yo kapab rive nan yon wotè 25 pye epi yo kapab genyen yon lajè 50–1 000 mil.

- Pa mache nan dlo fon si ou genyen blesi oswa maleng ki louvri.
- Kite timoun yo lwen dlo inondasyon ki toupre pasaj idwolik yo ak kolektè dlo lapli yo.
- Pran prekosyon ou lannwit lè li pi difisil pou rekonèt danje inondasyon.

Siklòn

DEPRESYON TWOPIKAL Yon sistèm nyaj ak loraj òganize avèk yon sikilasyon an sifas defini ak van maksimòm pwolonje 38 mil pa èdtan (33 ne) oswa mwens. Yo defini van pwolonje kòm van mwayen ki dire yon minit e ki mezire apeprè 33 pye (10 mè) anwo sifas la.*

LORAJ TWOPIKAL Yon sistèm nyaj ak loraj òganize avèk yon sikilasyon an sifas defini ak van maksimòm pwolonje 39-73 mil pa èdtan (34-63 ne).*

SIVEYANS SIKLÒN/LORAJ TWOPIKAL Kondisyon pou siklòn/loraj twopikal posib nan zòn ki endike yo, anjeneral nan 36 zèdtan. Kapte estasyon Radyo Metewolojik NOAA, radyo komèsyal oswa televizyon pou jwenn enfòmasyon.*

AVÈTISMAN SOU SIKLÒN/LORAJ TWOPIKAL Yo prevwa kondisyon siklòn/loraj twopikal nan zòn espesifye, anjeneral nan 24 èdtan.*

SIKLÒN Yon sistèm metewolojik twopikal entans ki vini avèk gwo loraj epi ki genyen yon sikilasyon an sifas byen defini ak van maksimòm pwolonje 74 mil pa èdtan (64 ne) oswa pi wo.*

SIVEYANS SIKLÒN Yo ta dwe itilize siveyans sa a pou kòmanse plan katastwòf fanmi ou, epi ou ta dwe kòmanse pran mezi pwoteksyon, sitou mezi ki mande tan sipleman tè tankou mete pwoteksyon nan yon bato, kite yon lido, elatriye.*

AVÈTISMAN SOU SIKLÒN Depi yoibliye avètisman sa a, fanmi ou ta dwe antame pwosesis pou pran mezi pwoteksyon e pou deside kote ki pi sennesòf pou yo ale pandan loraj la.*

SIVEYANS AK AVÈTISMAN AKOUTÈM Avètisman sa yo bay enfòmasyon detaye sou menas siklòn espesifik tankou inondasyon ak tònad.*

Sa pou Fè

- Li gid sa a avèk atansyon.
- Deside kote ou fè plan pou ale si yo mande pou ou evakye. Ou kapab ale nan yon otèl oswa motèl, ou kapab rete avèk zanmi ou oswa manm fanmi ou yon kote ki sennesòf oswa ou kapab ale nan yon refij lokal.
